bu kenn ci yéen óbbalee na teg loxoom ci gémmiñam ndaxte Saytaane day dugg

Jële nañu ci Abuu Sahiid Al-Xudrii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «bu kenn ci yéen óbbalee na teg loxoom ci gémmiñam ndaxte Saytaane day dugg».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi jàngal na kiy óbbali gémmiñam ubbeeku ngir tàyyeel walla suur mbaa luy niru loolu; mu teg loxoom ci gémmiñam tëj ko ci; ndaxte Saytaane da ciy dugg bu ko bàyyee mu ubbiku, bu ko defee tek loxo bi day tax du dugg.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5280